



## THE CITY OF NEW YORK

13 avril 2020

Chè fanmi:

Mwens pase yon mwa, nou te mete tèt ansanm epi nou te kòmanse transfòme pi gwo sistèm lekòl nan peyi a. Batay kont COVID-19 pa t ban nou lòt chwa ke fèmen biling lekòl yo ak pwogram edikasyon pou debitan yo pou timoun ak estaf, fè tranzisyon nan ansèyman ak aprantisaj adistans apati lakay epi adapte ak pran distans yonn ak lòt pou nou ka rete sennesof.

Kounye a, nou gen anfas nou yon lòt desizyon ki fè mal. Apre nou fin pale ak ekspè sante piblik yo sou wout viris la kounye a epi ak edikatè yo sou posiblite pou rès ane a kontinye entèwonpi, nou deside pou biling lekòl ak pwogram Vil Nouyòk pa relouvri pandan ane lekòl 2019-2020 an. Pwofesè ak elèv yo pral fini ane lekòl la nan aprantisaj adistans (remote learning). N ap kontinye fonksyon plis pase 400 sant kote yo bay manje (Meal Hubs) ki baze nan lekòl, k ap sèvi twa pla manje gratis pa jou ba nenpòt moun ki abite Nouyòk ki bezwen epi n ap kontinye asire gadri pou timoun travay ki endispansab yo.

Sa fè mal men se yon desizyon ki nesesè pou de rezon. Dabò, ekspè sante piblik yo detèmine transmisyon COVID-19 la pral pwopaje nan kominate yo jiska nan fen ane lekòl la. Menm nan nivo transmisyon ki pa elve, nou t ap gen novo ka, ki ta pral fè li difisil anpil pou nou kontwole ant lekòl ak lekòl. Nou sèlman kwè pa t ap gen ase tan pou nou fè timoun nou yo retounen.

Dezyèmman, noumenm, kòm paran nou konnen kòman li enpòtan pou nou gen bon sans pou wè davans pou nou ka byen planifye pou fanmi w. Kriz sa a frape nou tout di anpil. Men nou gen espwa bon sans sètitid sa a pral pèmèt plis stabilite ak kapasite pou planifye pi byen pou travay ak vi lakay.

Nou konnen sa pral gen yon gwo konsekans sou 1.1 milyon timoun ak 150,000 estaf ki fè pati lekòl leta ak pwogram pou debitan Vil Nouyòk yo. Men fason ekstrawòdinè tout moun nan kominate lekòl ak pwogram yo konfwonte defi sa a, enspire nou. Chak jou, nou wè kòman oumenm – fanmi ak estaf devwe nou k ap sèvi ak sipòte timoun nou yo – ap fè gwo sakrifis pou rete konekte nan moman kriz sa a. Tousa pou asire aprantisaj la kontinye. Nou konnen tou w ap bezwen sipò pou w kontinye gwo angajman sa a. Se poutèt sa nou pran angajman sa yo anvè w pandan n ap pwolonje fèmti biling lekòl ak pwogram nou yo jiska fen ane lekòl la:

1. **Chak timoun fanmi yo te mande yon aparèy ki gen entènèt sou li pral gen yonn nan fen avril pou pi ta.** Okenn timoun p ap rete san zouti yo bezwen pou yo aprann. Nou deja livre plizyè dizèn milye aparèy bay pifò elèv ki defavorize tankou elèv ki nan abri pwovizwa (shelter) ak elèv ki nan lojman tanporè. Nou pran angajman pou bay rès aparèy dijital la pou chak timoun nou yo. Si w toujou bezwen yon aparèy, tanpri ranpli Fòm demand aparèy pou aprantisaj adistans (Remote Learning Device Request Form) la nan [schools.nyc.gov](http://schools.nyc.gov), oswa rele 311.

**2. N ap asire nou ke paran ka poze kesyon ak jwenn repons sou aprantisaj adistans lan.**

Nou konnen ou bezwen yon moun pou pale ki pral reponn nenpòt kesyon ou genyen sou edikasyon pandan tan sa a. Pwogram ou an toujou pre ak dispoze pou sipòte w epi nou vle asire nou tou gen lòt sipò ki disponib pandan n ap kontinye nan anviwònman adistans nou an. Sa vle di ogmante lè ak estaf liy telefòn paran nou yo pou w ka jwenn repons ou bezwen. Rele 311 pou yo ka konekte ak sipò DOE ki apwopriye a.

**3. Nou pral kontinye envesti nan resous akademik, pwogram ranfòsman ak sipò pou fanmi w ka angaje nan aprantisaj lakay la.** Timoun nou yo bezwen ak merite pwogram solid ak apwofondi ak opòtinite aprantisaj adistans pandan n ap avanse nan ane lekòl la epi nou pral kontinye ofri yo tousa. Sa gen ladan resous pou aprantisaj pwofesè ak pwogram yo bay men li gen ladan tou materyèl ki anrichisan ak amizan ki nan enstitisyon kiltirèl ki renome, bibliyotèk, mize, pak ak lòt ankò isit la nan Vil Nouyòk.

**4. N ap asire chak elèv ki nan dènye ane lekòl segondè jwenn sipò pou gradyasyon.** N ap ofri sipò endividyle (1:1) pou chak elèv 12yèm ane, n ap travay nan kolaborasyon avèk lekòl ak fanmi pou konprann si elèv yo sou bon chemen—epi si yo pa sou bon chemen, n ap ba yo opòtinite pou ede yo rive la. Konseye pedagojik nan chak lekòl segondè pral kontakte chak elèv 12yèm ane pou asire yo sou bon chemen pou gradye.

**5. Nou pral reouvri lekòl ak pwogram pou debitant yo yon fason ki pi djanm pase avan ane pwochèn,** pandan n ap asire sekirite biling nou yo ak resous ki la pou konbat nenpòt aprantisaj ki pèdi ak bay sipò emosyonèl pou elèv nou yo, fanmi ak edikatè si yo bezwen pou yo ka rekòmanse ak aprantisaj la ak rekonekte avèk kominote yo.

Pa gen anyen nan sa a ki fasil. Pou sis ane ki sot pase yo pou administrasyon sa a, lekòl leta yo se poto mitan batay nou kont inegalite. Yo se fason nou bay plis opòtinite epi nou pa ka sispann di tout sa nou pèdi nan sa kominote lekòl ak pwogram debitant nou yo ofri. Men se yon kesyon sove vi.

Nou rekonesan anpil pou fleksiblite w ak pasyans ou; nou konnen kòman sa di pou chak moun ap travay pou sipòte pitit yo k ap aprann lakay. Epi nou pral kontinye fè tout efò pou ni sipòte w ni kenbe aprantisaj la pandan moman san parèy sa a.

N ap kontinye tou mete w okouran depi gen lòt nouvèl. N ap fè w sonje, ou ka ale sou sitwèb DOE a nenpòt lè nan [schools.nyc.gov](https://schools.nyc.gov) pou jwenn plis enfòmasyon ak nouvèl resan sou plan nou genyen pou rès ane lekòl la.

Avèk senserite,



Bill de Blasio  
Majistra



Richard A. Carranza  
Chanselye  
Depatman Edikasyon Vil Nouyòk